दिन– शुक्रवार दिनांक–31.10.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन–एनडीए आइ विधानसभा चुनाव लेल संयुक्त रूप सँ घोषणा पत्र जारी कयलक। एहि के संकल्प पत्र नाम देल गेल अछि। संकल्प पत्र मे राज्य सरकारक कतेको उपलब्धिक सेहो चर्चा कयल गेल अछि। पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान, हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चाक अध्यक्ष जीतनराम मांझी आओर राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा सहित घटक दलक कतेको वरिष्ठ नेता सभ छलाह। संकल्प पत्र मे एक करोड़ सँ बेसी युवा के सरकारी नोकरी आओर रोजगार देबाक गप कहल गेल अछि। संगहि, के.जी सँ लऽकऽ पी.जी. धरि मुफ्त शिक्षा देबाक गप सेहो जनाओल गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे एनडीए सरकार बनला पर युवा सभ के कौशल विकास पर विशेष जोर देल जायत। ओ जनौलनि जे संकल्प पत्र मे अति पिछड़ा वर्गक कतेको व्यवसायी समूह के रोजी–रोजगार शुरू करबाक लेल दस लाख टाकाक आर्थिक सहायकता देबाक सेहो गप कहल गेल अछि।

एम्हर, संकल्प पत्र मे एक करोड़ महिला के लखपति दीदी बनेबाक घोषणा कयल गेल अछि। कर्पूरी ठाकुर किसान सम्मान निधि योजना शुरू कऽकऽ किसान सभ के हरेक वर्ष तीन हजार टाका देबाक घोषणा कयल गेल अछि। ई राशि पीएम किसान सम्मान निधि योजना सँ फराक होयत। संगहि संकल्प पत्र मे पंचामृत गारंटी मे एक सय पच्चीस यूनिट मुफ्त बिजली, पाँच लाख टाका धरि निःशुल्क ईलाज, पचास लाख नव पक्का मकान, मुफ्त राशन आओर समाजिक सुरक्षा पेंशन देबाक वादा कयल गेल अछि। संगहि, पाँच बरख मे बाढि मुक्त बिहारक सेहो घोषणा कयल गेल अछि। राज्य मे उद्योगक विकास लेल एक लाख करोड़ टाकाक निवेश करब आओर हरेक जिला मे औद्योगिक इकाईक स्थापना आओर दस नव औद्योगिक पार्क बनेबाक घोषणा कयल गेल अछि।

---

महागठबंधन एनडीएक संकल्प पत्र के झूठक पुलिंदा जनौलक अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि जे एनडीए के अपन बीस बरखक शासनकालक लेल माफी पत्र पेश करबाक चाहि छल। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आओर बिहार चुनाव पर्यवेक्षक अशोक गहलोथ जनौलनि जे एनडीएक घोषणा पत्र मे मिथ्या–झूठ आओर लोक लुभावन वादा कयल गेल अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे भऽ रहल बरखाक कारण चुनाव प्रचार– प्रसार प्रभावित भेल अछि। बरखाक कारण राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादवक आइ होयवला सभ चुनावी सभा स्थगित कऽ देल गेल। एहि बिच भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा आइ पटना मे एक चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओ जनौलनि जे नीतीश कुमार बिहार के एक बेर फेर सँ पटरी पर लाबि कऽ विकास के एक नव गति देलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सीवानक अगिआंव विधानसभा क्षेत्र मे एक चुनावी सभा मे जनौलनि जे पछिला बीस बरख मे नीतीश कुमारक अगुआई मे सुशासनक नींव मजगुत भेल अछि आ राज्यक विकास के एक नव गति भेटल अछि। एम्हर, जदयू अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ कुशेश्वरस्थान विधानसभा क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशी अतिरेक कुमार आओर अलीनगर मे एनडीए उम्मीदवार मैथिली ठाकुरक पक्ष मे रोड शो कयलनि।

———————————————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ आधुनिक भारतक निर्माता भारत रत्न लौह पुरूष सरदार वल्लभ भाई पटेल के हुनक एक सय पचासम जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलक। आजुक दिन के राष्ट्रीय एकता दिवसक रूप मे मनाओल जायत अछि। एहि मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गुजरातक एकतानगर मे स्टैच्यू ऑफ यूनिटी पर एक समारोह मे भाग लेलनि।एम्हर, राजधानी पटना मे राष्ट्रीय एकता दिवस पर मुख्य समारोह पटेल चौक लऽग सरदार पटेलक प्रतीमा स्थल पर मनाओल गेल। राज्यक आनो–आन क्षेत्र मे एहि मौका पर समारोह मना कऽ लौह पुरूष के श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल।

———————————————————————————

राष्ट्र आइ पूर्व प्रधानमंत्री इन्दिरा गांधी के हुनक पुण्यतिथि पर स्मरण कयलक। कांग्रेस संसदीय दलक अध्यक्ष सोनिया गांधी, लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी, कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे आओर पार्टीक कतेको पैघ–पैघ नेता सभ नव दिललीक शक्तिस्थल पर इंदिरा गांधी के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, पटना मे हुनक पुण्यतिथि पर समारोह आयोजित कऽ याद कयल गेल।

———————————————————————————

चक्रवाती तुफान मोन्थाक असरि सँ प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे पछिला दू दिन सँ थमि–थमि कऽ बरखा भऽ रहल अछि। कतेको ठाम भारी बारिश भेल अछि। सुपौलक वीरपुर मे सभ सँ बेसी एक सय अड़तालीस दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे आइ पूर्वी चंपारण, शिवहर, सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल, अररिया आओर किशनगंज जिला मे किछु ठाम झमाझम बारिश भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।